

# ISTWA JENERAL AK JEYOGRAFI

**Vandredi**, 19 jen 2009 — 9:15 a.m. pou 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprimri sou liy ki anwo yo. Epi ale nan dènye paj nan tiliv sa a, se la w ap jwenn fèy repons pou Pati I an. Pran san w pou w pliye dènye paj la nan kote ki dantle yo tou dousman epi detache fèy repons lan. Apre sa, mete enfòmasyon yo mande nan tèt fèy repons lan. Kounye a, ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprimri nan tèt chak paj tiliv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonsse pou w ekri repons yo.

**Pati I** an gen 50 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo nan fèy repons separe a.

**Pati II** a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

**Pati III** a baze sou sou divès dokiman:

**Seksyon A nan Pati III** a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Nan tiliv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non w ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

**Seksyon B nan Pati III** a gen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7 la.

Lè w fini egzamen an, ou dwe siyen deklarasyon ki enprime nan fèy repons Pati I an, pou w endike ou pa t konnen kesyon yo oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, ou pa t ni bay ni pran poul nan repons kesyon yo pandan egzamen an. Yo pap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

Itilizasyon nenpòt aparèy komunikasyon entèdi fòmèlman pandan w ap fè egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy komunikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an pap valab epi ou pap jwenn nòt pou li.

**PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.**

## Pati I

### Reponn tout kesyon ki genyen nan pati sa a.

*Enstriksyon* (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons separe ou a *nimewo* mo oubyen ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oubyen reponn kesyon an.

- 1 Yon rezon ki fè anpil istoryen etidye jeyografi se pou
  - (1) ede prevwa chanjman nan gouvènman
  - (2) montre koneksyon ki genyen ant moun ak kote
  - (3) di ki lè kèk evènman te pase
  - (4) eksplòre fason pèp primitif la viv
- 2 **“Yo te Detere Estati Grèk nan Pompeii”**  
**“Yo te Jwenn Poslèn Chinwa nan twou yo te fouye nan Zimbabwe”**  
**“Yo te Jwenn Kèk Ansyen Fabrik Mixtec Toupre Kote Aztek yo t ap Viv”**

Ki konsèp gran tit sa yo prezante?

  - (1) kolonyalis
  - (2) izolasyonis
  - (3) etnosantris
  - (4) difizyon kiltirèl
- 3 Ki yon rezilta Revolisyon Neyolitik la te bay?
  - (1) Kèk sivilizasyon te devlope.
  - (2) Lèzòm te aprann itilize dife pou lapremyè fwa.
  - (3) Esperans vi te bese.
  - (4) Moun te kòmanse fè lachas epi ranmase manje pou yo manje.
- 4 . . . “Yon teyori sèke te gen vag migrasyon, youn ki t ap travèse alès Lafrik epi yon lòt ki t ap travèse sant kontinan an. Nan Zanbi, genyen prèv omwen twa wout migrasyon - youn ki sot nan gran lak yo, youn ki sot nan Kongo ak youn ki sot nan Angola.” . . .

Sous: BBC, The Story of Africa: Early History

Avèk ki gwoup moun pasaj sa a konsènan premye istwa Lafrik dekri migrasyon an asosye?


  - (1) Fenisyen
  - (2) Bantou
  - (3) Pèp Moor
  - (4) Babilonyen
- 5 Ki sistèm kwayans yo konsidere kòm monoteyis?
  - (1) Jayinis
  - (2) Dawoyis
  - (3) Jidayis
  - (4) Chento
- 6 Ki jan jeyografi penensil Italyen an te enfliyanse devlopman Anpi Women an?
  - (1) Rivyè ki pa navigab yo ki nan pati nò penensil la te pwoteje Women yo kont vwazen yo.
  - (2) Klima a ki te difisil te anpeche pwodiksyon agrikòl sou penensil Italyen an.
  - (3) Kot la ki te long epi aksidante te ankouraje envazyon sou penensil Italyen an trè souvan.
  - (4) Kote penensil la te lokalize a te pèmèt Women yo kontwole rejyon Mediteraneyen an.
- 7
  - Endouyis se relijyon ki te dominan.
  - Yo te pentire desen panno sou mi kav Ajanta a.
  - Yo te entwodwi konsèp zewo ak sistèm desimal la.

Ki anpi deklarasyon sa yo dekri?

  - (1) Gupta
  - (2) Morya
  - (3) Pèp Pès
  - (4) Britanik
- 8 Sivilizasyon primitif Ris la te adopte relijyon Otodòks de Lès la, alfabèt Sirilik la, ak diferan estil atizay ak achitekti grasa kontak yo avèk
  - (1) komèsan ki te sot nan Lachin
  - (2) anvayisè Mongòl ki t ap mache sezi bagay
  - (3) Viking ki te sot nan pati nò Lewòp
  - (4) misyonè ki te sot nan Anpi Bizanten
- 9 Reyalizasyon teknolojik yo te rive fè pandan dinasti Tang ak Song yo te enpòtan paske yo
  - (1) te itilize yo pou yo bat Kublai Khan
  - (2) te kontribye nan kwasans ekonomik ak pwogrè kiltirèl
  - (3) te ogmante kontak avèk Amerik yo
  - (4) te lakòz vin gen egalite sosyal ant gason ak fi

Baze repons ou pou kesyon 10 ak 11 yo sou kat jeyografik ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

### Pwopagasyon Lapès Nwa



<http://www.wwnorton.com> (adapte)

10 Enfòmasyon yo montre sou kat jeyografik sa a sijere Lapès Nwa (Black Death) te gaye nan Lewòp akòz kontak avèk

- (1) machann ki te sot an Lafrik-de-Lwès
- (2) komèsan ki te sot nan Lazi
- (3) baba yo ki te sot nan Eskandinavi
- (4) eksploratè ki t ap retounen sot nan Amerik yo

11 Dapre kat jeyografik sa a, ki yon konklizyon valab konsènan Lapès Nwa a?

- (1) Japon se te premye kote sa te rive.
- (2) Li te fè plis kantite viktim nan Mogadichou ak Fochow.
- (3) Maladi a te afekte moun nan Lafrik-di-Nò, Lewòp ak Lazi.
- (4) Epidemi nan te gaye prensipalman sot nan lwès pou al nan lès.

12 Ki youn nan kokennchenn karakteristik Renesans lan nan Lewòp?


- (1) Yo te ensiste sou reyalizasyon monden.
- (2) Ni gason ni fi te gen dwa pou vote.
- (3) Pifò liv yo te ekri nan lang Arab.
- (4) Yo te rejte pifò lide ansyen Grèk ak Women yo.

13 Ki youn nan rezilta vwayaj Marco Polo yo?

- (1) Lafrik te rete izole.
- (2) Pouvwa Otoman te diminye.
- (3) Yo te etabli koloni o Japon.
- (4) Enterè nan kilti Azyatik yo te ogmante.

Baze repons ou pou kesyon 14 la sou kat jeyografik ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

### Vwayaj Zheng He, 1405–33




Sous: Patrick K. O'Brien, ed., *Oxford Atlas of World History*, Oxford University Press (adapte)

14 Ki konklizyon konsènan vwayaj Zheng He yo ki valab dapre enfòmasyon ki sou kat jeyografik la?

- (1) Flòt li a te vwayaje pa pi lwen ke Bè Bengal la.
- (2) Ekspedisyon l yo te navige pou al nan pò Lazi ak Lafrik.
- (3) Flòt li a te konkeri epi kontwole Lizon.
- (4) Ekspedisyon l yo te fè komès dirèkteman andedan Lafrik.

Baze repons ou pou kesyon 15 lan sou òganizatè grafik ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.



15 Ki tit ki pi byen konplete òganizatè grafik la?

- (1) Amelyorasyon sou dinasti Tokugawa
- (2) Reyalizasyon nan Lewòp Medyeval
- (3) Devlopman nan Ansyen Gana
- (4) Chanjman ki te vin genyen akòz Kont Refòmasyon an

16 Ki pwogrè nan teknoloji ki te fè yon gwo chanjman nan fason lide yo te gaye nan tout Ewòp-de-Lès nan 15èm syèk la?

- (1) devlopman astwolav
- (2) entwodiksyon telegraf
- (3) amelyorasyon nan laprès enprimri
- (4) kreyasyon teleskòp

17 Ki deklarasyon ki pi byen konplete plan pasyèl ki anba a?

I. Reyalizasyon Enka yo

- A. \_\_\_\_\_
- B. Te itilize kipou pou kenbe dosye yo
- C. Te konstwi estrikti avèk wòch san yo pa itilize mòtye

- (1) Estati an bwonz
- (2) Te kreye yon sistèm agrikilti an teras
- (3) Te envante yon etriye pou pye
- (4) Te devlope charyo

- 18 Pri yo te ogmante an Espay pandan koloni yo t ap founi gwo kantite lò ak ajan. Sa sijere enpòtasyon lò ak ajan Espanyòl yo te mennen nan
- (1) ratman nan manje
  - (2) chomaj
  - (3) enflasyon
  - (4) otonomi
- 19 Ki fòm dominasyon politik ki pi asosye avèk Ivan the Terrible, Suleiman the Magnificent, ak Philip II an Espay?
- (1) demokratik
  - (2) absolisit
  - (3) kominis
  - (4) teyokratik
- 20 Dapre John Locke, bi gouvènman se pou
- (1) pwoteje dwa natirèl moun yo
  - (2) sèvi monak la
  - (3) kreye koloni aletranje
  - (4) estimile ekonomi an
- 21 Ki karakteristik ki asosye avèk yon ekonomi ki baze sou prensip laissez-faire?
- (1) pri yo baze sou òf ak demann
  - (2) gouvènman santral la etabli kota pou pwodiksyon
  - (3) koutim yon sosyete tradisyonèl detèmine distribisyon byen
  - (4) yo echanje byen kont lòt byen ki gen menm valè
- 22 Yon fason Toussaint L'Ouverture, Simón Bolívar, ak José de San Martín sanble sèke yo
- (1) te sipòte Reconquista
  - (2) te alatèt mouvman pou endepandans
  - (3) te goumen pou Ameriken Endyen Natif Natal yo gen dwa pou vote
  - (4) te defann sistèm encomienda a
- 23 Yo konsidere Rebelyon Sepoy la kòm yon evenman enpòtan nan istwa Endyen an paske se te youn nan bagay ki te koze
- (1) mouvman endepandans ann End
  - (2) Bangladesh separe l de Pakistan
  - (3) etablisman koloni Fransè ann End
  - (4) Mizilman yo vin kreye Anpi Mughal la

- 24 Yo pi byen defini mo *anpi* kòm
- (1) yon inite politik ki genyen menm kwayans relijye
  - (2) yon gouvènman ki dirije avèk konsantman pèp la
  - (3) yon gwo teritwa ki sou direksyon yon sèl otorite
  - (4) yon peyi ki egzije pou pèp li konkeri yo asimile yo ak moun nan peyi a

- 25 Alyans Triple a ak Antant Triple a te kontribiye nan kòmansman Premyè Gè Mondyal la lè yo
- (1) pa t mete Almay ak Lafrans pami manm yo
  - (2) menase peyi ki nan Emisfè Lwès yo
  - (3) pèmèt Japonè yo fè agresyon kont Kore
  - (4) ogmante tansyon ant peyi Ewopeyen yo


Baze repons ou pou kesyon 26 la sou deklarasyon yo ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

Efondreman Anpi Ostwo-Ongwa a te mennen nan kreyasyon plizyè nouvo eta ansanm ak ekspansyon kèk lòt. Anvan lontan nouvo eta sa yo te etabli restriksyon sou komès epi yo te kòmanse kolekte tarif lè machandiz sa yo te travèse fwontyè yo.

- 26 Ki konklizyon ki pi valab konsènan efonman Anpi Ostwo-Ongwa a?
- (1) Koperasyon entènasyonal te pèmèt yo regle tout diskisyon konsènan limit fwontyè yo.
  - (2) Li te difisil pou fè tranzisyon sot nan yon ekononi gouvènman an kontwole pou al nan yon ekonomi mache.
  - (3) Endepandans politik te vin lakòz gen baryè komèsyal.
  - (4) Tarif yo te vin lakòz yon ogmantasyon nan komès.
-

Baze repons ou pou kesyon 27 la sou kat jeyografik ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

### Kolonizasyon Ewopeyen an 1913



Sous: Les Rowntree et al., *Diversity Amid Globalization*, Prentice Hall (adapte)

27 Anpil nan divizyon politik yo montre sou kat jeyografik sa a te dirèkteman gen rapò avèk

- (1) Restorasyon Meyiji a
- (2) Lagè Opyòm yo
- (3) Konferans Bèlen an
- (4) Lagè Boer la

28 Depresyon ane 1930 yo an Almay te kontribye nan monte Pati Nazi a paske

- (1) difikilte ekonomik te ogmante enstabilite politik
- (2) plan senk-an kominis yo te mete sou pye a pa t reyisi
- (3) Reichstag la te nasyonalize pwopriyete prive
- (4) Repiblik Weimar la te enpoze totalitaris

29 Pwotestasyon Mohandas Gandhi yo pandan mouvman endepandans End lan te konn souvan reyisi paske l te aplike

- (1) yon politik apèzman
- (2) rezistans pasiv
- (3) kwayans kas tradisyonèl
- (4) prensip kote li divize ak konkeri

Baze repons ou pou kesyon 30 lan sou desen ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Kime, O'Donnell and Osborne,  
*World Studies: Global Issues and Assessments*,  
N & N Publishing

30 Dapre desinatè sa a, sa ki te karakterize Larisi sou dominasyon Lenin se te

- (1) yon kontinyasyon lavi tradisyonèl la
- (2) entwodiksyon sistèm kapitalis
- (3) sipò pou yon monachi konstitisyonèl
- (4) rejè sistèm zaris la

31 Bi prensipal Nasyonzini se pou

- (1) kontwole pri sereyal nan lemond
- (2) ankouraje gouvènman demokratik
- (3) rezoud konfli ant nasyon yo defason pezib
- (4) ini tout nasyon yo militèman atravè alyans

32 Dezyèm Gè Mondyal se te yon evènman enpòtan pou anpil koloni Ewopeyen yo nan Lafrik ak Lazi paske lagè a te lakòz

- (1) twoup Nasyonzini yo okipe pifò koloni Ewopeyen yo
- (2) koloni sa yo te fè plis efò pou genyen endepandans yo
- (3) ekspansyon enperyalis Ewopeyen
- (4) friksyon ant Ewopeyen yo ak koloni yo te diminye

33 Bi Plan Marshall la aprè Dezyèm Gè Mondyal la se te pou

- (1) ankouraje ekspansyon militè
- (2) fòse nasyon ki te pèdiyo pou yo ede zòn ki te detwi nan lagè a
- (3) rebati ekonomi nasyonal yo pou estabilize gouvènman yo
- (4) ranfòse alyans ki te genyen lagè a

34 Yo pi byen konnen Oganizasyon Peyi Ekspòtatè Petwòl (OPEC) pou efò li fè pou

- (1) devlope lòt chwa esans konbistib ki ka mache
- (2) pote teknoloji petwòl Lwès la nan Mwayennoryan
- (3) sispann ekspòtasyon petwòl nan peyi ki pa peyi Arab yo
- (4) etabli yon kantite pwodiksyon ki akseptab pou ka kontwole pri petwòl

35 Yon fason Lagè Koreyen an ak Lagè Vyetnam lan sanble sèke toulè de

- (1) te lakòz reyinifikasyon de peyi ki otrefwa te endepandan
- (2) te montre siksè politik konfinman Lwès la
- (3) te eseye dechouke enperyalis Fransè yo
- (4) te devlope aprè tansyon Lagè Fwad la

36 Yon fason rezilta revolisyon Fidel Castro nan Kiba a ak revolisyon Sandinistas yo nan Nikaragwa sanble sèke toulè de

- (1) te restore yon monachi
- (2) te detwi yon teyokrasi
- (3) te swiv prensip Maksis yo
- (4) te pwoteje libète laprès

Baze repons ou pou kesyon 37 la sou desen ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Chan Lowe, *The South Florida Sun Sentinel*

37 Ki sa desen 2005 sa a vle fè konprann?

- (1) Enstabilite nan Mwayennoryan pa t janm sispann.
- (2) Pwosesis pou etabli lapè nan Mwayennoryan ap pran pye.
- (3) Mwayennoryan te chanje anpil sou yon peryòd trant an.
- (4) Laprès fòm pèsepsyon lasosyete genyen sou Mwayennoryan.

38 Yon fason Gwo Pa Anavan an ak Kat Modènizasyon yo sanble sèke chak t ap eseye pou

- (1) ogmante pwodiksyon agrikòl ak faktori
- (2) devlope yon gouvènman demokratik
- (3) ranfòse relasyon ekonomik avèk vwazen kominis yo
- (4) redui fose ki egziste ant rich ak pòv

39 Mo *Revolisyon Vèt* siyifi

- (1) gwoup radikal ki ranvèse gouvènman an
- (2) ogmantasyon nan pwodiksyon agrikòl akòz pwogrè teknolojik
- (3) yon chanjman radikal nan anviwònman an akòz rechofman planèt la
- (4) diminisyon nan pwodiksyon manje akòz teworis

40 Ki deklarasyon konsènan ekonomi Japon jodi a ki pi egzat?

- (1) Tè arab an abondans te lakòz pwosperite.
- (2) Posesyon zam nikleyè te asire yon ekonomi ki djanm.
- (3) Te gen devlopman ekonomik san libète politik.
- (4) Yon mank resous natirèl pa t anpeche gen kwasans ekonomik.

41 Anpil reyalizasyon ki te fèt nan peryòd Lajdò yo ni nan Wayòm Islamik lan ni nan Wayòm Lafrik de Lwès lan te rive nan sosyete Ewopeyen yo pa mwayen

- (1) rezo komèsyal yo nan zòn Lanmè Mediterane a
- (2) Ekspedisyon komèsyal ant Lachin ak Lafrik
- (3) vwayaj Ferdinand Magellan yo
- (4) vwayaj Commodore Matthew Perry yo

42 Nan sosyete feyodal Ewopeyen ak Japonè yo, yo te konn detèmine estati sosyal dapre

- (1) maryaj
- (2) nesans
- (3) kapasite endividyèl
- (4) edikasyon ak fòmasyon

43 Politik kote yo etabli koloni pou akimile richès lè yo kontwole komès k ap fèt nan koloni an rele


- |              |                |
|--------------|----------------|
| (1) sosyalis | (3) mèkantilis |
| (2) fachis   | (4) kominis    |

44 Ki dokiman ki etabli prensip monachi limite an Angletè?

- |               |                         |
|---------------|-------------------------|
| (1) Douz Tab  | (3) Ak Sipremasi        |
| (2) Grannchat | (4) Deklarasyon Balfour |



Baze repons ou pou kesyon 45 ak 46 yo sou kat jeyografik ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.



Sous: *Learning from Maps*, Prentice Hall (adapte)

45 Ki lèt ki idantifye penensil kote w ap jwenn Lamèk (Mecca), sant relijye Islam lan?

- (1) A
- (2) B
- (3) C
- (4) D

46 Ki lèt ki idantifye penensil kote te gen konfli Vyetnam lan ak gwo krim Pol Pot yo?

- (1) A
- (2) B
- (3) C
- (4) D

47 Pandan plizyè ane, Sahara se te yon obstak pou Ewopeyen alòske Afriken yo te itilize dezè a kòm yon gran wout. Ki konklizyon deklarasyon sa a sipòte?

- (1) Komès ant Lafrik ak Lewòp te diminye.
- (2) Anpi Afriken yo jeneralman te evite kontak avèk Ewopeyen yo.
- (3) Dezètifikasyon te redui kantite tè arab ki te disponib pou Afriken ak Ewopeyen yo.
- (4) Okòmansman, Ewopeyen yo te manke konesans ak talan ki te nesèsè pou vwayaje nan dezè a.

48 Rebelyon Boxer a ak travay Sun Yixian (Sun Yat-sen) asosye pi pre avèk

- (1) Long March
- (2) Lajdò Lachin
- (3) Revolisyon Kiltirèl
- (4) monte nasyonalis nan Lachin

49 Tèm *rido fè* siyifi

- (1) mak twou tranche pandan Premyè Gè Mondyal la te kite nan tè a
- (2) zòn kote avyon paka vole sou pati nò peyi Irak aprè Lagè nan Golf Pèsik la
- (3) fwontyè yo te etabli ant Lèzend ak Pakistan aprè Dezyèm Gè Mondyal la
- (4) fwontyè alwès dominasyon Sovyetik la nan Lewòp pandan Lagè Fwad la

50 Polonè yo an 1918 ak Jwif yo anvan 1948 se te egzanp

- (1) pèp ki pa gen pwòp peyi yo
- (2) pèp kolonize nan Anpi Britanik lan
- (3) gwoup ki te rantre nan Oganizasyon Trete Atlantik Nò a (OTAN)
- (4) gwoup ki reprezante nan Konsèy Sekirite Nasyonzi

Ekri repons ou yo pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon separe a.

Nan devlopman repons ou pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **eksplike** vle di “pou rann fasil oswa konpreyansib; pou bay rezon oswa lakòz; pou montre devlopman lojik oswa relasyon”
- (b) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oubyen pale osijè li”
- (c) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi ak reyalite, rezonman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

## Pati II

### KESYON REDAKSYON TEMATIK

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

#### Tèm: Dwadelòm

Atravè listwa, te genyen kèk egzanp kote yo te refize bay kèk gwoup moun dwadelòm yo. Kèk moun, gwoup, ak gouvènman te eseye mete fen nan vyolasyon dwadelòm sa yo byenke yo pa t toujou reyisi.

#### Sa w gen pou fè:

Chwazi **de** diferan egzanp nan listwa kote yo te refize bay gwoup moun dwadelòm epi pou **chak**

- Eksplike sikonstans istorik ki fè yo te refize bay moun sa yo dwadelòm yo
- Dekri fason yo te refize bay gwoup sa a dwadelòm li
- Diskite yon aksyon yon moun, yon gwoup oswa yon gouvènman te pran pou eseye mete fen nan vyolasyon dwadelòm yo

Ou kapab sèvi ak nenpòt egzanp vyolasyon dwadelòm nan etid istwa jeneral ou. Kèk sijesyon ou ta vle konsidere genyen pèp endijèn an Amerik Latin pandan Rankont lan, Jwif yo nan Larisi pandan masak yo, Amenyen yo sou dominasyon Ottoman yo, nwa yo pandan apateyid la nan Lafrik-di-Sid, elèv Chinwa yo nan Tiananmen Square, Mizilman nan Bozni yo nan ansyen Yougoslavi, ak fanm sou dominasyon Taliban an nan Afghanistan.

**Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.**

**Pa itilize egzanp vyolasyon dwadelòm ki rive Ozetazini nan repons ou an.**

#### Gid:

##### Nan redaksyon ou a, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè
- Sipòte tèm nan ak reyalite, egzanp, ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

## Pati III

## KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman yo ki mache avèk li. Kesyon an la pou teste konesans ou pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.

**Kontèks Istorik:**

Byenke chanjman sosyal ak ekonomik te rive atravè listwa, gen kèk peryòd ki te wè kèk gwo chanjman. Nan peryòd sa yo genyen **Mwayennaj**, **Revolisyon Endistriyèl la an Angletè**, ak **Laj Globalizasyon an**.

**Sa w gen pou fè:** Itilize enfòmasyon ki soti nan dokiman yo epi ak konesans ou nan istwa jeneral, reponn kesyon yo ki swiv chak dokiman nan Seksyon A a. Repons kesyon yo ap ede w ekri Seksyon B redaksyon an, kote yo ap mande w pou

Chwazi **de** peryòd ki endike nan kontèks istorik la epi pou **chak**

- Dekri chanjman ekonomik **epi/oubyen** sosyal ki te rive pandan peryòd sa a
- Diskite yon enpak chanjman an genyen sou lasosyete oswa sou yon gwoup moun presizeman

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oubyen pale osijè li”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi ak reyalite, rezonman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

*Enstriksyon:* Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1

Sistèm seyeryal la, ki te gaye anpil nan Lwès depi sou peryòd Charlemagne la pou kontinye, okòmansman pa t favorab pou devlopman agrikilti ak komès. Seyè yo te gen tandans pou yo depann de tèt yo; ekonomi an te fèmen. Moun te abite nan mond pa yo, toutan nan laperèz lòt mond etranj ki deyò a, kote se mechanste sèlman ki te sot ladan l. Meyè bagay yo te ka fè se andire; e yo te andire.

Nan onzyèm syèk la ak nan syèk ki te vin apre yo, bagay yo te vin miyò. Lavi a te vin pi estab; popilasyon an te ogmante; yo te vin kiltive nouvo tè epi yo te vin rann [fè] ansyen tè yo pi pwodiktif. Yo te vin entwodwi nouvo teknik agrikòl. Yo te rekonèt pouvwa legim [plant vèt fiksatis nitwojèn] genyen pou nourri epi pou renouvle tè ki epuize yo, epi yo te devlope syans nan zafè angrè - manm [labou ki rich ak ajil] ak sann yo itilize ansanm avèk fimye bèt. Kalite twoupo yo te amelyore avèk seleksyon ak kwazman. Yo te itilize dlo ki t ap koule pou fè moulen farin yo fonksyone epi pou bay fòj yo kouran. Moulen van yo te toubyonnen sou plèn yo ak nan mòn yo, epi moun te menm eseye, avèk kèk siksè, konstwi moulen a mare. . .

Sous: Morris Bishop, *The Middle Ages*, Houghton Mifflin

1 Dapre Morris Bishop, ki **de** chanjman ki te fèt pandan peryòd medyeval la? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 2

. . . Apre sa, menm jan Moun Kwazad yo te jwenn enspirasyon omwen an pati avèk mobil komèsyal, 200 zan vayeveyen sa yo ant Lès ak Lwès te klèman bay komès yon bon jan elan. Machann yo, ki etidye itinerè [wout] moun ki t ap pote kwa yo [moun kwazad yo] ki te prepare chemen an, te dekouvri wout ki te pi dirèk yo ant pò alès Mediterane yo ak kè Lewòp. Veniz se te yon pò dantre ki te patikilyèman aktif pou machandiz yo te enpòte sot nan Mwayennoryan ak Lèzend. Sot la machandiz yo te vwayaje sou yon wout byen etabli atravè Brenner Pass, yo monte nan Rhine lan pou rive Briksèl epi answit onò sou Lanmè Baltik la. Anpil ti vil ki sou wout sa a egziste akòz anpil demann Ewopeyen medyeval yo pou machandiz egzotik ki sot nan Lès. . .

Sous: “Legacy of the Crusades,” *Aramco World*

- 2 Dapre ekstrè sa a ki sot nan “Eritaj Kwazad la,” ki **yon** chanjman ekonomik Kwaze yo te pote pandan peryòd medyeval la? [1]

Score

## Dokiman 3

. . . Nan yon mo, Lewòp t ap chanje de yon rejyon an vwa devlopman pou l tounen yon rejyon devlope. Kwasans endistri te siyifi kwasans vil yo, kote nan onzyèm ak douzyèm syèk yo te kòmanse abandone ansyen wòl katye jeneral militè yo ak sant administratif yo amezi yo t ap ranpli ak lavi komès ak endistri. Kèk ladan yo, tankou Jèn, otrefwa ki te vilaj Women, te multipliyè, alòske kèk lòt, tankou Veniz, te parèt toudenkou. Toujou gen kèk lòt, ki rele tèt yo senpleman “Nouvo Vil” (Villanova, Villeneuve, Neustadt), se dirijan pwogresif ki te fonde yo. Olye pou yo grandi aksidantèlman, yo te bati yo sou yon plan, tipikman yon modèl patisyon avèk yon santrevil, legliz ak edifis pou komès. Okòmansman nan dizyèm syèk an Itali, òm dafè yo ak atizan yo nan plizyè vil te etabli sa yo rele “vilaj” yo te deklare tèt yo òm lib ki dwe alejans sèlman a yon souverèn ki te kolekte taks nan men yo men apre sa ki kite yo anrepo. Seyè entèlijans yo te bay kèk privilèj ki te egzante abitan vil yo de kèk obligasyon feyodal - “konsa zanmi m yo ak sijè yo, abitan vil mwen an Binarville, ka rete avèk plis volonte,” yon seyè eksplike avèk sansiblite. Sou ribrik “Lè lib fè moun lib,” menm sèvitè yo te deklare yo afranchi si yo te rete nan yon vil pandan ennan ak yon jou. . .


Sous: Frances & Joseph Gies, *Cathedral, Forge, and Water Wheel: Technology and Invention in the Middle Ages*, Harper Perennial (adapte)

- 3 Dapre Frances ak Joseph Gies, ki **yon** enpak kwasans vil Ewopeyen yo te genyen sou sosyete Ewopeyen medyeval yo? [1]

Score

Dokiman 4a

Sistèm Domestik pou Fè Twal




Sous: Farah and Karls, *World History: The Human Experience*, Section Focus Transparencies, Glencoe McGraw-Hill (adapte)

4a Dapre tablo sa a, ki jan yo pwodui twal nan sistèm domestik la? [1]

Score

## Dokiman 4b



4b Dapre tablo sa a, ki jan yo pwodui twal nan sistèm faktori a? [1]

Score

## Dokiman 5

### Revolisyon Endistriyèl

. . . Premye faz revolisyon endistriyèl la te fè sosyete tradisyonèl la ekspire [pa itil ankò] paske li pa t mache avèk kondisyon de baz pou yon ekonomi endistriyèl. Pami kondisyon sa yo te gen komèsyalizasyon agrikilti. Yo te oblije trete tè kòm yon machandiz ou ka achte epi vann pou ka pwodui ase manje pou nourir yon popilasyon nan vil k ap ogmante epi pou fè travay andeyò vin ogmante [eksesif] konsa moun yo ta deplase al nan vil yo pou yo ka travay nan nouvo faktori yo. Sosyete tradisyonèl yo varye anpil nan lemond men toupatou yo te baze sou tè epi pa t gen okenn kote tè te senpleman yon machandiz. Olye de sa, se te yon pakèt obligasyon ak privilèj konplike, yon estrikti sosyal ki asosye pwopriyete a ak fèmme a, seyè a ak peyizan an. Se te enstitisyon tradisyonèl sa yo, monn sosyal sa yo, revolisyon endistriyèl la te menase epi finalman te baleye. . .

Sous: Michael Mandelbaum, *The Ideas that Conquered the World*, Public Affairs

5 Dapre Michael Mandelbaum, ki **yon** chanjman ki te fèt akòz Revolisyon Endistriyèl la? [1]

---

---

Score



## Dokiman 6a

. . . Mwen te vizite souvan anpil nan Faktori Koton yo nan katye sa a, avèk kèk zanmi ki te sot byen lwen; lè n ap soti, mwen te toujou ap reflechi sou fason timoun yo te souffri anpil, epi yo te parèt malad; kote yo te oblije travay pandan long jounen nan kondisyon ki pa favorab. Pandan m te dedye inèdtan oswa de chak maten pou m bay pov yo konsèy, mwen gen anpil opotinite pou m wè move efè konfinman sa a genyen sou sante timoun yo; souvan paran yo di timoun yo te gra epi ansante, jiskaskè yo te voye yo la, epi yo fèmen yo sitèlman pre faktori a epi pandan sitèlman lontan; men kounye a yo te vin frajil epi malad, . . .

Sous: Robert Agnew, M.D., "Observations on the State of the Children in Cotton Mills,"  
Manchester, March 23, 1818

6a Dapre doktè Agnew, ki **yon** enpak Revolisyon Endistriyèl la te gen sou timoun? [1]

Score

## Dokiman 6b

Nan ekstrè sa a, konvèsasyon Friedrich Engels te genyen avèk yon mesye nan klas mwayèn lan montre atitud klas mwayèn lan konsènan kondisyon de vi travayè faktori yo.

. . . Yon jou mwen te mache avèk youn nan mesye klas mwayèn sa yo pou al Manchester. Mwen te pale avèk li konsènan kondisyon dezonoran epi sal sa yo moun ap viv ladan yo a epi mwen te atire atansyon l sou kondisyon dezagreyab pati sa a nan vil la kote travayè faktori yo te abite. Mwen di mwen potko janm wè youn vil ki mal bati konsa nan lavi m. Li te koute avèk pasyans epi nan kwen lari kote nou te separe a li di konsa: "Epoutan gen yon pakèt lajan ki fèt la a. Bonjou, Mesye". . .

Sous: Friedrich Engels, *The Condition of the Working Class in England*, Stanford University Press (adapte)

6b Dapre Friedrich Engels, ki **yon** rezilta Revolisyon Endistriyèl la genyen sou kondisyon lavi travayè faktori yo? [1]

Score

## Dokiman 7

. . . Byenveni nan monn konfizyon “globalizasyon” an - yon mache mondyal k ap grandi kote tranzaksyon komèsyal yo woutinman fè wonn planèt la epi fwontyè nasyonal yo ap vin deplizanpli twoub. Se pa konsa bagay yo te toujou ye. Gen anpil chans, paran w yo te abiye avèk rad ki fèt an Amerik, yo te manje manje ki fèt an Amerik epi yo te kondwi machin ki fèt an Amerik. Men yon ogmantasyon nan komès mondyal te chanje tout sa. Epi sa w achte se ka pa menm sa ki enpòtan an.

Ekspansyon komès mondyal te deklanche yon pakèt chanjman dramatik. Yon pakèt peyi te wè fòtin yo monte an flèch amezi envestisman etranje ap vide sou yo, epi sa kreye faktori epi yo bay dèmilyon moun travay pou yo fè. Lòt peyi yo te rete dèyè. Nan pwosesis sa a, anpil bilyon lavi moun te afekte, pou pi bon ak pi mal. . .

Sous: Herbert Buchsbaum, “Living in a Global Economy,” *Scholastic Update*,  
March 7, 1997

7 Dapre Herbert Buchsbaum, ki **yon** chanjman ekonomik ki te rive akòz globalizasyon? [1]

---

---

Score

## Dokiman 8

### Plent ou yo fè Wonn Glòb la

. . . Lè yon Ameriken rele yon nimewo gratis Ozetazini pou l rapòte yon aparèy ki pa mache oswa pou l plenyen paske l te kòmande move chanday la nan yon katalòg, souvan apèl sa a pase atravè kab fib optik pou finalman rive nan yon sant an End. . .

Sant apèl entènasyonal yo ki an End pral pwodui \$8 milya dola nan revni pou rive an 2008, selon NASSCOM, yon gwoup komès nan endistri teknoloji an End. Kwasans ap akselere ofiramezi globalizasyon ak dereglemantasyon gouvènman agrandi telekominikasyon an End epi sa bese pri li.

“Posiblite a san limit,” deklare Prakash Gurbaxani, fondatè ak chèf direksyon 24/7 Customer.com, yon sant pou sèvis kliyan ki nan Bangalore ki gen kliyan Ameriken tankou sit entènèt AltaVista ak Shutterfly.com. Nan ap tann plis komès, sant apèl konpayi a ki gwosè yon sipèmache ranpli avèk odinatè avèk ekran koulè fonsè epi sant lan pi gwo anpil pase 300 anplwaye li genyen yo. . .

Sous: Associated Press, *Syracuse Herald American*, June 24, 2001

8 Dapre atik nan jounal sa a, ki **yon** enpak globalizasyon genyen sou Lèzend? [1]

Score

## Dokiman 9

. . . JODI A, GLOBALIZASYON AP pran defi nan lemonn antye. Genyen mekontantman avèk globalizasyon, e avèk rezon. Globalizasyon ka yon fòs pou byen: globalizasyon lide sou demokrasi ak sosyete sivil la te chanje fason moun panse, alòske mouvman politik global te lakòz soulajman dèt ak trete sou min nan tè. Globalizasyon te ede dè santèn milyon moun rive nan yon nivo lavi ki pi wo, ki depase sa yomenm, oswa pifò ekonomis te panse yo te ka senpman imajine pa lontan de sa. Globalizasyon ekonomi an te benefisye kèk peyi ki te pwofite de sa lè yo chèche nouvo mache pou ekspòtasyon yo epi lè yo akeyi investisman etranje. Malgre sa, peyi ki te plis benefisye yo se te peyi ki te pran an chaj pwòp destine yo epi yo te rekonèt wòl gouvènman ka jwe nan devlopman olye pou yo apiye sou lide kote yon mache reglemante tèt li epi ki ka rezoud pwòp pwoblèm li.

Men pou dè milyon moun globalizasyon pa mache. Aktyèlman anpil moun te vin pi mal, paske yo pèdi travay yo epi lavi yo vin gen mwens sekirite. Yo te santi yo vin san pouvwa kont fòs ki pa sou kontwòl yo. Yo te we demokrasi yo minen, kilti yo wonje.

Si globalizasyon kontinye fèt menm jan li te fèt nan le pase, si nou kontinye pa aprann nan erè nou, globalizasyon pa pral sèlman reyisi pou l ankouraje devlopman men li pral kontinye kreye povrete ak enstabilite. San refòm, reyaksyon negatif ki deja kòmanse a pral ogmante epi mekontantman avèk globalizasyon pral grandi. . .

Sous: Joseph E. Stiglitz, *Globalization and Its Discontents*, W. W. Norton & Co., 2003

9a Dapre Joseph E. Stiglitz, ki **yon** enpak *pozitif* globalizasyon genyen? [1]

Score

b Dapre Joseph E. Stiglitz, ki **yon** enpak *negatif* globalizasyon genyen? [1]

Score

## Pati B Redaksyon

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèw ki sòti pou *pi piti kat* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou ak reyalite, egzanp, ak detay. Ajoute enfòmasyon ki soti lòt kote.

### Kontèks Istorik:

Byenke chanjman sosyal ak ekonomik te rive atravè listwa, gen kèk peryòd ki te wè kèk gwo chanjman. Nan peryòd sa yo genyen **Mwayennaj, Revolisyon Endistriyèl la an Angletè, ak Laj Globalizasyon an.**

**Sa w gen pou fè:** Itilize enfòmasyon ki soti nan dokiman yo epi ak konesans ou nan istwa jeneral pou ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi **de** peryòd ki endike nan kontèks istorik la epi pou **chak**

- Dekri chanjman ekonomik **epi/oubyen** sosyal ki te rive pandan peryòd sa a
- Diskite yon enpak chanjman an genyen sou lasosyete oswa sou yon gwoup moun presizeman

### Gid:

#### Inan redaksyon ou a, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè
- Mete ladan l enfòmasyon ki sòti pou *pi piti kat* dokiman
- Mete ladan l lòt enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan ak reyalite, egzanp, ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan



The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA JENERAL AK JEYOGRAFI

Vandredi, 19 Jen 2009 — 9:15 a.m. to 12:15 p.m., sèlman

FÈY REPONS

Elèv ..... Sèks:  Gason  Fi
Pwofesè .....
Lekòl .....

Ekri repons ou yo pou Pati I a nan fèy repons sa a, ekri repons ou yo pou Pati III Seksyon Anan tiliv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Pati II a ak Pati III Seksyon B a nan yon lòt tiliv redaksyon separe a.

POU PWOFESÈ ITILIZE SÈLMAN
Part I Score \_\_\_\_\_
Part III A Score \_\_\_\_\_
Total Part I and III A Score [ ]
Part II Essay Score \_\_\_\_\_
Part III B Essay Score \_\_\_\_\_
Total Essay Score [ ]
Final Score (obtained from conversion chart) [ ]

Part I
1..... 26.....
2..... 27.....
3..... 28.....
4..... 29.....
5..... 30.....
6..... 31.....
7..... 32.....
8..... 33.....
9..... 34.....
10..... 35.....
11..... 36.....
12..... 37.....
13..... 38.....
14..... 39.....
15..... 40.....
16..... 41.....
17..... 42.....
18..... 43.....
19..... 44.....
20..... 45.....
21..... 46.....
22..... 47.....
23..... 48.....
24..... 49.....
25..... 50.....

No. Right [ ]

Ou dwe siyen deklarasyon ki anba a lè w fin pran egzamen an.

Mwen fin pran egzamen an. Mwen deklare mwen pa t genyen repons yo ak kesyon yo ilegalman alavans. Mwen pa t bay poul, mwen pa t pran poul pandan egzamen an.

Dechire li la a

Dechire li la a

